



Pou Piblikasyon Imedya: 11/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA KI POU BAY AVANTAJ POU VOLONTÈ AK TRAVAYÈ 11/9 YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke li te siyen pwojè lwa ki pou pwolonje peryòd pou travayè ak volontè yo ka ranpli yon aplikasyon Avi Patisipasyon (Notice of Participation) pou reklame salè ak avantaj medikal ki pèdi yo kòm yon rezilta enplikasyon yo nan operasyon retablisman ak netwayaj yo apre 11 Septanm 2001.

“Sa fè 17 an depi ke atak 11 Septanm yo te chanje mond nou an a jamè, epi nan jou sa a ak semèn yo ak mwa yo ki te vini apre yo, plizyè milye travayè ak volontè kouraje yo te mete lavi yo an danje pou ka sove lòt moun”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pa pral janm bliye ewo jenere yo ki pa te rantre lakay yo jou sa a, epi nou dwe premye sekouris ak sila yo ki te asiste nan efò rekipasyon yo yon etènèl dèt gratitud. Dokiman lwa sa a ap bay lejitimman ak yon fason ki jis travayè ak volontè brav 11/9 yo tan ke yo bezwen pou ka resevwa avantaj sante yo ak konpansasyon ke yo merite.”

Anvan sa, Gouvènè a te siyen pwojè lwa nan dat 11 Septanm 2016 pou ka pwolonje peryòd pou moun anrejistre sou Lwa sou Andikape World Trade Center a (World Trade Center Disability Law) pou rvie 11 Septanm 2018.

Dokiman lwa sa a (S.7797-A/A.10499), pwolonje dat limit lan jiska 11 Septanm 2022. Ekstansyon sa a pral pèmèt plis moun gen tan adisyonèl pou resevwa konpansasyon pou travayè yo, avantaj andikape, ak avantaj lanmò pa aksidan yo, kòm yon rezilta patisipasyon yo nan operasyon sovta, retablisman ak netwayaj World Trade Center yo.

Pwojè lwa a, ki ap rantre an vigè imedyatman, ap pwoteje tou reklamasyon ke yo te fè nan dat oswa anvan dat 11 Septanm 2022, si andikap volontè oswa travayè yo te rive ant 11 Septanm 2015 - 11 Septanm 2017.

Gouvènè Cuomo ap ankouraje anpil pou tout sekouris 11/9 yo konsidere itilize Pwogram Sante World Trade Center yo (World Trade Center Health Program) pou alafwa tretman ak siveyans sante yo. Moun ki te pote sipò yo ap jwenn konsiltasyon gratis nan men ekspè nan klinik yo ki nan domèn sa. Pwogram sa a, ke yo te konnen sou non Lwa Zadroga (Zadroga Act), administre pa Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante Pwofesyonèl lan (National Institute for Occupational Safety and Health) ki te finanse pa gouvènman Federal lan pandan 75 an.

An plis de trete maladi, klinik yo kòmanse siveye sante moun ki te pote sipò yo. Sèvis yo disponib nan plizyè Sant Klinik Ekselans yo (Clinical Centers of Excellence) nan Vil New York, Long Island ak New Jersey, epi tou atravè yon rezo founisè nan tout nasyon an. Pou plis enfòmasyon ale sou sit entènèt: [www.cdc.gov/wtc](http://www.cdc.gov/wtc).

**Senatè Martin J. Golden te di**, “Nouvèl lwa a, ke mwen te sipòte, ap pwolonje peryòd pou premye sekouris 11/9 yo ki poko ranpli yon aplikasyon avi patisipasyon ka fè sa. Li ap pèmèt tou pou premye sekouris 11/9 yo ki te vin andikape ant 11 Septanm 2015 ak 11 Septanm 2017 fè yon reklamasyon anvan dat 11 Septanm 2022. An plis, pwojè lwa sa a ap pèmèt yo retounen konsidere aplikasyon sila yo ki gen aplikasyon yo ki te refize. Ewo premye sekouris 11/9 nou yo merite jwenn asistans pou ka jwenn tout avantaj ke yo kalifye pou resevwa”.

**Manm Asanble a Yuh-Line Niou te deklare**, “Menm si sa fè 17 ane depi apre atak yo, se sèlman kounye a ke kèk travayè sovtaaj ap santi efè yo. Kòmansman ak pwogresyon kèk maladi ki te koze pa ekspozisyon yo rive a yon ritm ki pi lan pase lòt maladi, epi li enpòtan anpil pou nou kenbe sa an kont lè nou ap konsidere politik ki te elabore yo pou ede moun sa yo ak fanmi yo. Pwojè lwa sa a ap bay travayè sovtaaj, rekiperasyon, ak netwayaj nou yo opòtinite pou ka resevwa avantaj ke yo merite yo”.

**EMT FDNY yo Sal ak Wendi Turturici te deklare**, "Gouvènè Cuomo te yon lidè inebranlab pou fanm ak gason ki te riske lavi yo pandan atak òrib 11/9 yo. De ane de sa, Gouvènè a te siyen yon dokiman lwa ki te sove plizyè milye lavi. Jodi a, nou ap aplodi Gouvènè a poutèt li siyen pwojè lwa sa a, epi mwen remèsye li poutèt sipò pèmanan li pou travayè sovtaaj yo ak fanmi yo”.

Pou kapab fè yon reklamasyon ansanm ak pou lòt resous yo, vizite: [www.wcb.ny.gov/WTC/wtc-assistance.jsp](http://www.wcb.ny.gov/WTC/wtc-assistance.jsp)

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)